



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO METE NOUYÒKÈ YO AJOU SOU NUOVO CORONAVIRUS LA

Toujou pa gen ka pou nouvo coronavirus la ki konfime nan Eta New York

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lòt rezilta negatif pou nouvo coronavirus la nan Eta New York. Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la fèk gen enfòmasyon sou yon lòt rezilta tè negativ, sa ki fè tout eta a gen yon total echantiyon jiska 22 ki retounen negativ. Rive jodi a, yo te voye echantiyon ki soti nan 23 Nouyòkè bay Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo pou teste. Pami yo, 22 te retounen negativ. Gen yon echantiyon ki soti nan Vil New York ki annantant; pa gen echantiyon ki annatant nan Eta New York lè nou retire Vil New York. Toujou pa gen ka nouvo coronavirus la ki konfime nan Eta New York.

"N ap kontinye pran tout prekosyon nesesè pou pwoteje Nouyòkè yo kont viris sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan pa gen ka viris la ki konfime nan Eta New York, mwen ankouraje tout moun pou kontinye pran prekosyon bon sans yo tankou lave men souvan ak evite kontak de prè ak moun ki malad."

Depatman Sante a ap travay de prè ak patnè li yo nan nivo federal, eta ak lokal sou ijans sante piblik sa k ap evolye a. Kounye a ke Administrasyon Manje ak Medikaman nan Etazini (U.S. Food and Drug Administration) te otorize Eta a pou itilize tè dyagnostik Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo, Sant Wadsworth Depatman Sante Eta New York la ap travay pou egzekite tè coronavirus la. Sant Wadsworth la, ki te devan sèn lan pou anpil ijans sante piblik tankou maladi ki asosye ak sigarèt elektwonik, SARS (sendwòm respiratwa avanse ki grav) ak kanabinoyid sentetik, dwe konplete pwotokòl verifikasyon kòrèk yo anvan li kòmanse tè yo.

Byenke pa gen vaksen kont nouvo coronavirus la, mezi prevantiv chak jou yo ka ede sispann pwopagasyon sa ak lòt viris respiratwa yo:

- Lave men ou souvan ak savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Si pa gen savon ak dlo ki disponib, itilize dezenfektan pou men ki abaz alkòl.
- Evite touche je, nen ak bouch ou avèk men ki pa lave.
- Evite kontak pre ak moun ki malad.
- Rete lakay ou lè ou malad.
- Kouvri tous ak etèniman ou ak yon papye, apre sa jete papye a nan poubèl.
- Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas ou touche souvan.

Moun ki santi sentòm yo e ki ka te vwayaje nan zòn ki konsène yo oswa ki ka te an kontak ak yon moun ki te vwayaje nan zòn sa yo ta dwe rele pwofesyonèl swen sante yo a alavans anvan yo prezante pou trètman.

Anplis de sa, Depatman an gen yon [sitwèb dedye](#) ki te kreye kòm yon resous ki gen enfòmasyon ajou pou Nouyòkè yo.

Nouyòkè yo ka rele liy asistans Eta a nan 1-888-364-3065, kote ekspè yo nan Depatman Sante ka reponn kesyon yo konsènan nouvo coronavirus la. Anplis de sa, Depatman an gen yon [sitwèb dedye](#) ki te kreye kòm yon resous ki gen enfòmasyon ajou pou Nouyòkè yo. Depatman an te lanse de anons sèvis piblik (PSAs) sou nouvo coronavirus la, [youn ki mete aksan sou Komisè Sante Eta a Doktè Howard Zucker](#) ak [yon lòt ki gen enfòmasyon jeneral](#), ki disponib nan plizyè lang nan tout eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)